

Sipò pou chak etap nan biznis ou. Responsab Biznis Katye ou a la pou ede ou.

Konekte avèk Responsab Biznis Katye ou a
617.635.0355 | boston.gov/neighborhood-business-manager


Men kèk fason Responsab Biznis Katye ou a ka ede w:

KÒMANSE



- Kreye yon **plan biznis**
- Jwenn epi lwe yon **lokal**
- Ede avèk **pèmi** ak **lisans**

FÈ FAS AK DIFIKILTE



- **Demenaje** oswa **relouvri** biznis ou
- Jwenn èd avèk **asirans** ak kouvèti **responsablite** sivil

DEVLOPE BIZNIS OU A



- Atenn **nouvo kliyan**
- Devlope yon **prezans dijital**
- Jwenn rekonesans kòm yon biznis ki **Etabli Lontan** oswa ki **Akeyi Moun Aje**
- **Swivi** envantè ak kontabilite
- Amelyore oswa mete ajou **devanti biznis** ou an
- Epi benefisye sipò kontinyèl pandan **biznis** ou ap evolye epi grandi

Mwen gen yon ti
biznis. Kòman Vil
la ka ede m?

Ou ka kalifye pou
yon egzanpsyon taks
\$10,000.

Biznis mwen an gen
plis pase 10 lane depi
l louvri. Kòman Vil
la ka ede m?

Ou ka kalifye pou vin
yon **Biznis Ki Etabli
Lontan Nan Boston.**

Mwen bezwen yon
prè pou m fè biznis
mwen grandi. Kòman
Vil la ka ede m?

Aplike pou yon prè
nan men **Boston
Local Development
Corporation.**

Biznis mwen an bezwen
yon nouvo ansèy ak
amelyorasyon an tèm
devanti. Kòman Vil la ka
ede m?

Pwogram **ReStore** lan
ka ede finanse jiska
90% nan depans
renovasyon yo.

PALE AVÈK RESPONSAB BIZNIS KATYE OU A POU APRANN PLIS

Rele **617-635-0355** oswa vizite boston.gov/neighborhood-business-manager

CITY of BOSTON



Economic Opportunity
and Inclusion



City of Boston
Small Business
Development



**ESKANE POU
KONEKTE**